UNIT 1: FAMILY / WEEK 4

# Home Link – Haitian Creole




## (Lyen Lakay) Inite 1: Fanmi: Semèn 4

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou an pral aprann sou fanmi. Eseye fè owmen twa nan aktivite aprantisaj amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo w chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochèn. **AMIZE N!**

Non timoun nan: ________________________________

### Langaj

(Anrapò ak: *Seven Chinese Sisters)*

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon**:

- Ki manje ou pi renmen?
- Ki sa w renmen ladan l?
- Ki engredyan ou bezwen pou w fè li?
- Mo nou kapab itilize nan konvèsasyonnou: resèt, engredyan, repa, liv kuizin,pla et setera.

### Alfabetizasyon/Chante

**Chante:** Chante ansanm. Sa a se yon chante pitit ou dwe abitye avè l. Tanpri konsilte lyen anba a pou w aprann lè chante a:

**Down by the Bay**:

Down by the Bay (repete)
where the watermelons grow. (repete)
Back to my home (repete) I dare not go. (repete)
For if I do, (repete) my mother will say, (repete)
"Did you ever see a moose kissing a goose?
Down by the Bay".
*Keep going with:*
Whale with a polka dot tail • Fly wearing a tie
Bear combing his hair • Llamas eating their pajamas
Time when you couldn't make a rhyme

### Dekouvèt

(Anrapò ak: *Seven Chinese Sisters*)

**Fè Manje:** Chwazi yon resèt prefere w ki senp pou w kapab fè ak pitit ou oswa suiv resèt sa a:

**Fwi ak Ganiti Fwete:** Chwazi yon fwi ("blueberries," frèz oswa franbwaz) epi mete 2 gwo kiyè nan yon bòl.
**Fè sa yo rele krèm fwete:**
Itilize krèm fwete ki pwès, epi vide l nan yon ti bokal oswa resipyan, byen fèmen kouvèti a epi sekwe l. (Si w sekwe l twòp, l ap tounen bè!) oswa vide l nan yon gwo bòl epi bat li ak yon fouchèt oswa yon batè. Manje!

### Pale epi Li Ansanm (20 minit)

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Ki pati w pi renmennan istwa a?
- Ki premye bagay kipase nan istwa a?
- Ki sa w panse ki ka rive aprè?

### Matematik

*Definisyon sèk*: Yon sèk se yonliy ki toujou koube nan menmsans lan. Ale fè lachas dèyè kèk sèk ak pitit ou. Konte konbye sèk nou jwenn epi mande pitit ou an pou l desine yo oswa pran fotoyo.

**Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:**

- Kòman w fè konnen li seyon sèk?
- Konbyen sèk nou te jwenn? Kòman w fè konn sa?

## Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou.

Vizite bibliyotèk piblik lokal ou a pou gwo liv sou fanmi yo!

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

| Liv n ape li lekòl la: | Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm: |
|---|---|
| *Seven Chinese Sisters,* ekriven: Kathy Tucker | *Tasty Baby Belly Buttons,* ekriven: Judy Sierra<br>*Princess Smarty Pants,* ekriven: Babbette Cole<br>*Paper Bag Princess,* ekriven: Robert Munsch |

## Kèk konsèy pou lè n ap li ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, "**Talan** se yonbagay espesyal yon moun kapab fè."
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, "Pou ki sasa te itil pou chak nan sè yo te gen yon talan espesyal pou yo rezoud pwoblèm yo?"